

### Lèt Notifikasyon Moun ki Afekte

Pwoteje enfòmasyon pèsònèl konfidansyèl se yon priyorite enpòtan nan Plan Medikal AvMed. Notifikasyon an genyen ladann detay konsènan kesyon ki ge relasyon avèk enfòmasyon sou manm ki la kounye a ak ansyen manm AvMed yo.

An Desanm 2009, yo te vòlè de (2) òdinatè pòtatif nan yon fasilite bilding syèj prensipal AvMed nan Gainesville, Florida. Nou te rapòte vòl la imedyatman a otorite ki ranfòse lwa yo epi kòmanse yon investigasyon. Nou te notifiye enpe nan manm ki la kounye a ak ansyen manm yo ki, kòm rezilta vòl la, te genyen yon posiblite enfòmasyon yo an te konpwomize, ki enkli non, adrès, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal ak enfòmasyon ki gen relasyon ak sante yo. Pandan pwogresyon investigasyon nou an, nou vini genyen rezon pou kwè genyen enfòmasyon plis moun ki te nan òdinatè pòtatif yo. N ap notifiye moun sa yo pa lapòs.

AvMed pran enfòmasyon vi prive manm li yo trè seryezman, epi nou regrèt pou nenpòt deranjman oswa enkyetid sa kapab koze. Pandan nou pa genyen okenn prèv yo te itilize enfòmasyon sa yo nan yon move fason, genyen etap moun ki afekte yo kapab pran pou ede pwoteje tèt yo. Nou ankouraje tout moun ki afekte yo pou rete vijilan epi pou revize ak siveye rapò kredi yo an. Nou rekòmande tou pou revize bòdwo medikal ou yo regilyèman (ki enkli deklarasyon “Eksplikasyon Benefis yo”) pou tcheke pou egzaktitid oswa chaj ki pa otorize. Gid Referans ki anba la a founi detay sou etap pou moun ki afekte yo ta renmen konsidere, ki enkli rekòmandasyon nan men Komisyon Komès Federal Ameriken an sou kòman ou kapab pwoteje tèt ou plis kont vòl idantite, avèk enfòmasyon sou kòman pou mete yon alèt fwòd oswa mete yon friz sekirite sou dosye kredi.

Pou ede moun ki te afekte yo plis AvMed te fè aranjman pou founi pwoteksyon idantite sou Rezo Pwoteksyon Idantite Debix san frè pou endividi ki te resevwa lèt notifikasyon AvMed yo. Pou moun ki resevwa yon lèt ki genyen mwen s pase laj dizuit ane, AvMed te fè aranjman pou founi dezan sèvis pwoteksyon idantite avèk Debix ChildScan.

Si ou ta genyen kesyon konsènan ensidan an, tanpri rele **877-441-3004** liy gratis la pou enfòmasyon adisyonèl. Reprezantan yo disponib Lendi jiska Samdi, 10 a.m. jiska 8 p.m. Fizo Orè Lès. Itilizatè TTY yo dwe rele nan **877-442-8633**.

Tanpri pa enkyete w n ap pran tout etap pou amelyore sekirite epi pou asire kalite ensidan sa a pa rive ankò nan lavni.

Sensèman,

**Edwin Hannum**  
**President**

## Gid Referans

Nou ankouraje moun ki afekte yo pou pran etap ki annapre la yo:

**Kòmmande Rapò Kredi w pou Gratis.** Ou genyen dwa daprè lwa Ameriken an pou resevwa yon rapò kredi chak ane nan men chak twa biwo nasyonal kredi yo. Pou kòmmande rapò kredi gratis ou an, vizite [www.annualcreditreport.com](http://www.annualcreditreport.com), rele 877-322-8228 nimewo gratis la, oswa konplete Fòm Demann Rapò Kredi Anyèl la nan sitwèb Komisyon Komès Federal Ameriken (FTC's) an nan [www.ftc.gov](http://www.ftc.gov) epi voye li pa lapòs: Annual Credit Report Request Service, P.O. Box 105281, Atlanta, GA 30348-5281. Biwo kredi yo founi rapò kredi anyèl sèlman nan sitwèb yo an, pa telefòn nan nimewo gratis ;a oswa avèk yon fòm deman.

Lè ou resevwa rapò kredi w la, revize li byen. Gade pou kont ou pat ouvri. Gade nan seksyon “inquiries” pou non kreditè ou pat mande pou yo ba w kredi yo. Genyen kèk konpanyi ki chaje sou yon lòt non ki diferan pase non magazen yo an. Biwo kredi an pral kapab di w lè sa se ka a. Gade nan seksyon “enfòmasyon pèsònèl” pou nenpòt bagay ki pa egzakt nan enfòmasyon w yo, tankou adrès lakay ou ak nimewo Sekirite Sosyal. Si ou wè nenpòt bagay ou pa konprann, rele biwo kredi an nan nimewo telefòn ki sou rapò an. Erè nan enfòmasyon sa a kapab yon avètisman pou vòl idantite ki pwobab.

Ou dwe notifiye biwo kredi an si genyen nenpòt bagay dwòl ki nan rapò w la, kèlkeswa akòz yon erè oswa fwòd, le pli vit ki posib defason pou yo kapab envestige epi si yo jwenn erè a, korije li. Si genyen kont ou yo oswa chaj ou pat otorize, imedyatman notifiye biwo kredi apwopriye an pa telefòn an alekri. Si ou jwenn bagay ou pa konprann nan rapò w la, rele biwo kredi nan nimewo yo ba w nan rapò an. Pèsònèl biwo kredi yo pral revize rapò w la avèk ou. Si yo pa kapab eksplike enfòmasyon sa yo, alekile, ou dwe pou rele kreditè ki rapòte li an. Ou dew rapòte enfòmasyon ki pa egzakt yo bay biwo lapolis ak sheriff lokal ou an pase sa kapab yon siyal aktivite kriminèl.

**Rekòmandasyon Komisyon Komès Federal Ameriken yo.** Si ou detekte nenpòt tranzaksyon nan kont finansyè w ki pa otorize, imedyatman notifiye konpayi kat peman w la oswa enstitisyon finans la. Si ou detekte nenpòt vòl idantite oswa fwòd, imedyatman rapòte ensidan an bay otorite ki ranfòse lwa yo, Komès Jeneral nan eta w la ak FTC. Si ou kwè yo te vòlè idantite w, FTC rekòmande pou pran etap adisyone sa yo:

- Fèmen kont ou te konfime oswa te kwè yon moun te rantre ladann oswa ouvri nan yon fason ki fwòd. Itilize Deklarasyon Ekri sou Sèman FTC Vòl ID a (ki disponib nan [www.ftc.gov/idtheft](http://www.ftc.gov/idtheft)) lè w ap diskite nouvo kont ki pa otorize yo.
- Fè yon rapò nan lapolis lokal ou an. Jwenn yon kopi rapò lapolis la epi voye li bay kreditè yo ak nenpòt lòt bagay ki nesèsè pou pwouve krim vòl idantite an.

Ou kapab kontakte FTC a pou kapab aprann plis sou kòman pou pwoteje tèt ou pou pa vin yon viktim vòl idantite.

Federal Trade Commission  
Consumer Response Center  
600 Pennsylvania Avenue, NW  
Washington, DC 20580  
1-877-IDTHEFT (438-4338)  
<http://www.ftc.gov/idtheft/>

**Mete yon Alèt Fwòd sou Dosye Kredi w la.** Pou Pwoteje tèt ou kont vòl idantite, konsidere mete yon alèt fwòd sou dosye kredi w la. Yon alèt fwòd ede pou pwoteje w kont posiblite yo vòlè pou ouvri yon kont kredi sou non w. Lè yon komèsan tcheke istwa kredi yon moun k ap aplike pou kredi, komèsan an resevwa notifikasyon aplikan an kapab viktim vòl idantite. Alèt la notifiye komèsan an pou pran etap pou verifye idantite aplikan an. Ou kapab mete yon alèt fwòd sou rapò kredi w la lè ou rele nenpòt nan nimewo gratis fwòd yo nou founi anba la a. Ou pral rive sou yon sistèm telefòn otomatize ki pral pèmèt ou pou mete yon alèt sou tout twa biwo kredi yo.

Equifax	P.O. Box 740241 Atlanta, Georgia 30374-0241	877-478-7625	www.equifax.com
Experian	P.O. Box 9532 Allen, Texas 75013	888-397-3742	www.experian.com
TransUnion	Fraud Victim Assistance Division P.O. Box 6790 Fullerton, California 92834-6790	800-680-7289	www.transunion.com

**Mete yon Sekirite Friz sou Dosye Kredi w la.** Ou ka vle mete yon a “sekirite friz” sou dosye kredi w la. Yon sekirite friz deziyen pou evite kreditè potansyèl pou rantre nan rapò kredi w la nan tout twa biwo kredi yo san konsantman w. Kapab genyen yon frè pou mete, sòlve, ak/oswa retire yon sekirite friz, ki jeneralman koute ant \$5-\$20 pou chak aksyon. Kontrèman ak pase yon alèt fwòd, ou dwe mete sekirite friz sou dosye kredi w la nan chak biwo kredi yo. Paske enstwiksyon pou etabli yon sekirite friz diferan eta a yon lòt eta, tanpri kontakte twa biwo kredi yo pou kapab jwenn plis enfòmasyon. Biwo kredi yo egzije pou founi idantifikasyon avan yo onore demann ou an.

Equifax	P.O. Box 105788 Atlanta, Georgia	www.equifax.com
Experian	P.O. Box 9554 Allen, Texas 75013	www.experian.com
TransUnion	Fraud Victim Assistance Division P.O. Box 6790 Fullerton, California 92834-6790	www.transunion.com